

# tataran anyar



buku wulangan basa lan sastra jawa  
sekolah dasar lan sing satataran



**penerbit FAJAR HARAPAN**

JL DARMAWANGSA 44 SURABAYA

**2**



# TATARAN ANYAR

BUKU WULANGAN BASA LAN SASTRA JAWA  
ING  
SEKOLAH DASAR LAN SING SATATARAN

**buku.2**

KELAS - 4



karakit dening:

TAMSIR.AS

DRS. SUPARDI.AS

V. SOEROTO

MUKONO.BA

DRS. SURIPAN SADI HUTOMO



penerbit dan percetakan  
CV FAJAR HARAPAN  
Surabaya

Rinengga gambar dening Lamji BW lan Noerhadi


DISYAHKAN PEMAKAIANNYA DISEKOLAH OLEH  
KANWIL DEPDIKBJD PROPINSI JAWA TIMUR  
Tanggal 13 September 1984 No. 501/I.04.0/1.6-84

HAK CIPTA DILINDUNGI OLEH UNDANG-UNDANG

## ISINE BUKU

No.		Kaca
1.	Atur Bebuka.....	1
2.	Kabar Saka Papan Transmigrasi.....	2
3.	Karnaval.....	10
4.	Mak Sari.....	17
5.	Dina Natal.....	24
6.	Siskamling.....	32
7.	Taman Lalu Lintas.....	41
8.	Kebon Empon-Empon.....	50
9.	Nonton Wayang.....	58
10.	Darmawisata.....	65

\* \* \* \* \*



## ATUR BEBUKA

Nuwun.

Kanthi babaripun serat TATARAN ANYAR punika ateges tambah satunggal malih jinisipun serat wucalan basa Jawi kangge ing Sekolah Dasar tuwin sekolah-sekolah ingkang satataran. Tamtu kemawon badhe anyengkuyung lan saya angregengaken mekaripun basa Jawi ing kalanganipun para siswa.

Serat TATARAN ANYAR punika dumados saking sekawan buku, kangge ing pangkat 3 dumugi pangkat 6. Saben buku isi 9 wucalan, ateges saben caturwulan ing pamrih saged anyekapaken 3 wucalan. Saben wucalan kaperang dados 6 pantha, inggih punika: Waosan, kawruh basa, paramasastra, kasusastran, aksara Jawi lan ngarang. Ing pungkasan saben buku kalampiraken cathetan tembung-tembung ingkang mengku pangertosan mligi ing babagan basa lan sastra tuwin tembung-tembung ingkang perlu angsal kawigatosan.

Kintenipun perlu kaaturaken bilih serat wucalan basa Jawi TATARAN ANYAR punika dipun pepaki Kepek Cilik BASA JAWA, minangka buku bantu ingkang karaos kathah gina-paedahipun tumrap para Guru tuwin para Siswa.

Ing pungkasanipun atur, para pangrakit percadós bilih kawicak-sananipun para Guru sangat ageng pangaribawanipun tumrap sampurnanipun wucalan basa Jawi ing sekolahan. Pramila saking punika sanget agenging pangajeng-ajeng, para Guru tuwin para among pepetri basa Jawi kersaa paring panyaruwe dalah sumbang-surung pamanggih murih langkung sampurnanipun serat punika.

Nuwun,

Pangrakit

## Wulangan 1

### A. Wacan.

#### KABAR SAKA PAPAN TRANSMIGRASI



Pak Makmur, bapak Suminar, wis mulih saka sawah. Pancen srengenge wis manjer. Saka masjid keprungu bedhug ditabuh ndrenheng. Andaru kebangahan, dioleh-olehi welut karo kul gedhe-gedhe. Pak Makmur terus menyang kulah, reresik awak.

Saka ratan ana sepeda motor mlebu, banjur dijagang ing latar. Wong nganggo sandhangan klawu nyedhaki panggonane Andaru dolanan. Ibu metu mapagake ing emper.

"Pos" kandhane wong mau karo ngulungake amplop.

Ibu nampani nuli sumaure, "Matur Nuwun".

Sedhela maneh motor pos mau ninggalake latare Pak Makmur. Ibu mlebu ngomah, ditutake Andaru. Nalika kuwi Suminar uga wis mulih saka sekolahan.



"Ana layang saka papan Transmigrasi, saka Kalimantan !"

"Saka sapa Bu ? " takone Pak Makmur.

"Saka pak Jamain."

"E, saka Pak Jamain? Pak Jamain sing lunga transmigrasi ?"

"Iya, la iki ta layange." Sumaure ibu karo ngulungake amplop layang.

Bapak mbukak amplop layang. Banjur diwaca lirih, sawatara suwene. Suminar karo Andaru nyawangi bapake sing lagi maca.

"Apa isine Pak ?" takone Ibu.

"Hem, aku melu bungah Bu. Pak Jamain sing biyen uripe kesrakat kae saiki wis urip kepenak. Tanduran ing kana apik-apik, lemahe isih loh. Pangan cukup, malah turah-turah, Pak Jamain saku-lawargane wis ora kacingkrangan maneh. Omah wis disediyani, tegal dicepaki jembar. Malah nalika anyaran teka kana sandhang pangan nampa saka pamarentah. Nganti wong-wong duwe panen. Ngonong Bu, isine layange."

"Alhamdulillah, aku melu muji syukur, Pak. Dene Pak Jamain sing ana ing kene kesrakat, nemu mulya ing Kalimantan. Satemene ing kana ing kene rak ya padha wae ta, kana-kene ya bumi Indonesia. Apa sing kudu diadhepi yen budhal transmigrasi?"

---

B. Wangsulana pitakon-pitakon iki nganggo basa Krama !

1. Pak Makmur mulih saka ngendi ?
2. Kira-kira wektune wis jam 12 awan. Apa pratandhane ?
3. Geneya Andaru kabungahan ?
4. Sepedha motor dijagang ana ing ngendi ?
5. Ibu mapag ing ngendi ?
6. Oleh kiriman layang saka sapa ?
7. Sapa sing mbukak amplop ?
8. Biyen kepriye uripe pak Jamain ing tanah Jawa ?
9. Kepriye lemah ing papan transmigrasi ?
10. Kulawargane pak Jamain nemu mulya ing ngendi ?

II. Kawruh Basa.

- A. Goleka tembung liya sing padha utawa meh padha tegese !

Tuladha :

Uripe kesrakat = uripe kacangkrangan.

1. Lemahe isih loh = .....
2. Omah wis disediyani = .....
3. Mbukak amplop layang = .....
4. Atine kalegan = .....
5. Pasedulurane congkrah = .....
6. Dioleh-olehi welut = .....
7. Suminar bocah sregep = .....

B. Aranana apane sing pating .....

Tuladha :

peleme pating .....  
peleme pating grandhul.

1. Guyune pating .....
2. Gunemane pating .....
3. Awake krasa pating .....
4. Tandurane rubuh pating .....
5. Tulisane pating .....
6. Tangise pating .....
7. Swarane bedhil pating .....
8. Polahe pating .....



C. Kepriye *arane* kewan iki yen muni ?

Tuladha :

Jaran *beker*.

- |                   |                 |
|-------------------|-----------------|
| 1. Jangkrik ..... | 6. Asu .....    |
| 2. Kucing .....   | 7. Gajah .....  |
| 3. Jago .....     | 8. Kodhok ..... |
| 4. Wedhus .....   | 9. Menco .....  |
| 5. Kutut .....    | 10. Kebo .....  |



### III. PARAMASASTRA.

A. Salinana nganggo basa sing bener !

Tuladha.

- a. Jam sadasa kula sampun kondur saking sekolahan.  
b. Jam sadasa kula sampun wangsul saking sekolahan.

1. Sasampunipun nyinggahaken buku kula lajeng *siram*.
2. Serat kula *pundhut* lajeng kula waos.
3. Cekap kula waos, serat kula *paringaken* Bapak.
4. Bapak kula *dhawuhi* yen serat punika saking Pak Jamain.
5. Bapak *matur*, bilih pak Jamain rumiyin gesangipun rekaos.
6. Suminar kaliyan Andaru *mirsani* bapakipun ingkang saweg maos.

7. Kula badhe *tindak*, ndherek dhateng setasiun.
8. Jam sekawan kula nembe *rawuh*.
9. Sasampunipun gantos pangangge lajeng *dhahar*.
10. Lawuhipun gereh peda, kula boten *kersa*.



B. Tulisen aksarane murda !

Tuladha :

- a. pak makmur, bapak suminar mulih saka sawah.
- b. Pak Makmur, bapak Suminar mulih saka sawah.

1. ing kana kene padha bae, kabeh bumi Indonesia.
2. sulawesi, bali, irian jaya uga kalebu indonesia.
3. pindhah panggonan saka pulo jawa menyang kalimantan diarani transmigrasi.
4. tahun 1981 pak jamain sak kulawarga ninggalake pulo jawa.
5. ana kana pak jamain ketemu pak jumadi lan pak sarmidi.
6. sawise rong tahun ing kalimantan, kirim layang marang pak makmur.
7. yen duwe dhuwit, suminar kepengin menyang surabaya.
8. saben dina senin suminar nyelengi satus rupiyah.
9. ana ing tanah jawa pak jamain mung rong dina.
10. tanggal 5 april pak jamain bali menyang kalimantan.

C. Wenehana ater-ater "dak" lan penambang "ake" !

Tuladha :

- a. Amplop layang ( caos ) bapak.
- b. Amplop layang dakcaosake bapak.

1. Sepeda ( jagang ) ana pinggir dalan.
2. Yen menyang sawah ( golek ) welut.
3. Bukune wis ( sediya ) ana meja.
4. Yen arep maca wis ( gawa ) majalah.
5. Rungokna, ( waca ) dongeng apik !
6. ( Tembang ) lagu Mijil, mengko tirokna !
7. Yen munggah kelas ( tuku ) tas anyar.
8. Entenana ana kene, ( atur ) ibu dhisik.
9. Bukumu gawanen mreng ( gambar ) kewan.
10. ( Tulis ) banjur turunen sing apik !

IV. KASUSASTRAN.

A. Apa tegese bebasan iki !

Tuladha :

- a. Timun wungkuk jaga imbu.
- b. Kanggone mung gawe tambel butuh.

1. Kocak tandha lokak.  
= .....
2. Kerot tanpa untu.  
= .....
3. Ora uwur ora sembur.  
= .....
4. Lanang kemangi.  
= .....
5. Nututi layangan pedhot  
= .....





**B. Tulisen nganggo aksara Jawa !**

baya	yasa	maha
gada	nyata	cara
mara	kaya	japa
dhara	sada	ngaya
nyawa	lara	tala

**VI. N g a r a n g .**

**Apa bocah-bocah wis tau dolan menyang sawah ? Yen wis wangsulana pitakon-pitakon iki !**


- 1. Kapan kowe menyang sawah ?**
- 2. Sapa wae kanca-kancamu ?**
- 3. Ing sakubenge sawah katon apa ?**
- 4. Ing sawah kowe weruh kewan-kewan apa ?**
- 5. Mulihmu wis jam pira ?**

**Coba saiki critakna anggonmu dolan menyang sawah.**

---

I. A. Wacan.

K A R N A V A L



Upacara Dina Proklamasi.

Sore iki ing dalan gedhe ana karnaval, iring-iring mubeng. Wiwit srengenge ngglewang wis ana wong teka, sing arep melu karnaval lan sing arep nonton. Sadurunge budhal padha ngumpul ing lapangan cedhak pasar. Warna-warna pacakane.

Suminar, Andaru lan bapak ibune uga wis ngadeg ing pinggir dalan. Golek papan ing ngisor wit waru ngarep toko. Supaya ora panas banget-banget. Tangane Andaru tansah digondheli Bapake, amarga sedhela-sedhela ungak-ungak menyang tengah dalan. Mangka dalane rame, akeh tetumpakan slira sliri.

"Suwe temen ya, Bu, karnavale ora liwat-liwat?" takone Andaru sing tansah goreh.

Mbakyune celathu, "Ah, Ndaru! Ora koksusu-susu mengko yen wis wayahe liwat, rak teka dhewe ta? Risi kupingku!"



Ndaru meneng.

"Ssst, aja padha padu dhewe. Rungokna, kae wis keprungu gong wiwit ngungkung ing lapangan. Pratandha karnaval wiwit budhal."

Saka lapangan pancen keprungu suwara gong ngungkung.

Sawatara suwe maneh, ketara iring-iringan karnaval. Sing ana ing ngarep barisan gendhera gedhe-gedhe. Ing mburine, peleton drum band sing sandhangane mramong gumebyar. Ing mburine maneh, paradhe Bhineka Tunggal Ika. Wong-wong sing manganggo sandhang-an adat dhaerah. Ana saka Aceh, Sulawesi, Irian, Bali, Minangkabau, Kalimantan, Maluku, Jawa, Sundha, Madura lan liya-liyane. Ing mburine maneh disusul jaranan sing caplokane tansah sesirig. Banjur tontonan maneka-warna gilir-gumanti baris ing mburine.

Sing disenengi Andaru ndeleng wong perang-perangan. Ana wong putih gedhe-dhuwur dibanda tangane. Tentara padha bengok bengok : "Merdeka, Merdeka ! Ayo berjuang terus, Merdeka atau mati !"

Ngadhepake surup pak Makmur mulih. Bareng karo wong wong liyane. Amarga karnaval wis bubar.

"Mbesuk yen wis gedhe aku dadi tentara, Pak!" kandhane Andaru nalika tekan latar.

"Bagus Ndaru, nanging kudu sekolah dhisik sing pinter," wangsulane pak Makmur.

Kabeh banjur padha mlebu ngomah, sawise Ibu mbukak lawang ngarep.

---

**B. Wangsulana pitakon-pitakon iki nganggo basa krama !**

1. Ing ngendi ana karnaval ?
2. Sadurunge karnaval budhal padha ngumpul ing ngendi ?
3. Geneya padha golek papan ing ngisor wit Waru ?
4. Amarga apa tangane Ndaru tansah digondheli Bapak ?
5. Gong muni ngungkung pratandhane apa ?
6. Sing ana ngarep barisan apa ?
7. Kepriye sandhangane peleton drumband ?
8. Ing samburine paradhe Bhineka Tunggal Ika disusul apa ?
9. Sing disenengi Ndaru ndeleng apa ?
10. Andaru yen wis gedhe kepengin dadi apa ?

II. Kawruh Basa.

A. Apa kosok baline tembung iki !

Tuladha :

Srengenge wis *ngglewang* × srengenge *isih manjer*.


- 1. Ing lapangan *rame banget* ×.....
- 2. *Pinggir* dalam ×.....
- 3. Karnaval wis *budhal* ×.....
- 4. Andaru bocah *wuragil* ×.....
- 5. Suminar *ngrewangi* reresik ×.....
- 6. Omahe pak Makmur *ngresepake* ×.....
- 7. Suminar *mempeng* sinau ×.....
- 8. Bocah-bocah kudu *ngajeni* wong tuwa ×.....

B. Aranana kepriye mathuke.

Tuladha :

Lungguh .....  
Lungguh *clenet*.

- 1. ngadeg .....
- 2. sila .....
- 3. ditugel .....
- 4. didudut .....
- 5. diiris .....
- 6. dipedhot .....
- 7. disigar .....
- 8. disuwek .....
- 9. ditutup .....
- 10. mlayu .....



C. Gandhengna tembung sing tegese *mbangetake* !

Tuladha :

Cilik *menthik*.

- |                  |                  |
|------------------|------------------|
| 1. peteng .....  | 6. asat .....    |
| 2. sepi .....    | 7. sugih .....   |
| 3. sadina .....  | 8. suwung .....  |
| 4. sawengi ..... | 9. padhang ..... |
| 5. sakesuk ..... | 10. adoh .....   |

II. PARAMASASTRA

A. Apa krama inggile ?

Tuladha.

- a. Gulu = .....
- b. Gulu = *jangga*.

- |                      |
|----------------------|
| 1. Pundhak = .....   |
| 2. Dhadha = .....    |
| 3. Tangan = .....    |
| 4. Sikil = .....     |
| 5. Driji = .....     |
| 6. Bangkekan = ..... |
| 7. Weteng = .....    |
| 8. Bokong = .....    |
| 9. Pupu = .....      |
| 10. Kentol = .....   |



B. Wenehana pada (titik, penthung utawa pitakon) sing mathuk !

Tuladha :

- a. Tanggal 17 Agustus dianakake karnaval
- b. Tanggal 17 Agustus dianakake karnaval.

1. Wiwit jam pira wong-wong padha teka.

2. Suminar lan Andaru ngadeg ing pinggir dalan
3. Sadurunge budhal, karnaval padha ngumpul ing ngendi
4. Ndaru, delengen kae karnavale wis budhal
5. Wong-wong padha menganggo adat dhaerah
6. He, kae ana sing macak tentara
7. Padha bengak-bengok, merdeka, merdeka
8. Kowe mbesuk yen wis gedhe kepengin dadi apa, Ndaru
9. Wis meh surup karnavale lagi bubar
10. Bocah-bocah banjur padha bali

C. Golekana tembung "lingga" !

Tuladha :

- a. *Sadurunge budhal padha ngumpul ing lapangan.*
- b. *Sadurunge lingganipun durung.*

1. Tangane lingganipun .....
2. Dalane lingganipun .....
3. Digondheli lingganipun .....
4. Kupingku lingganipun .....
5. Mbakyune lingganipun .....
6. Keprungu lingganipun .....
7. Pratandha lingganipun .....
8. Disenengi lingganipun .....
9. Kandhane lingganipun .....
10. Mburine lingganipun .....

IV. Kasusastran.

A. Tembung *entar*.

Apa tegese tembung *entar* iki !

Tuladha :

Jembar dhadhane : sabar banget

1. Amba jangkahe : .....
2. Kegugah atine : .....

3. Idu geni : .....
4. Gedhe atine : .....
5. Rupak jagade : .....
6. Lunyu ilate : .....
7. Gedhe endhase : .....
8. Mateng rembuge : .....

**B. Paribasan.**

Apa tegese *paribasan* iki !

Tuladha :

Giri lusi janma tan kena ingina  
Ora kena nyepelekake marang wong.

1. Kuncung nganti gelung  
= .....
2. Njajah desa milang kori  
= .....
3. Anak molah bapa kepradhah  
= .....
4. Sepi ing pamrih rame ing gawe  
= .....
5. Sing malang-malang putung, sing rawe-rawe rantas.  
= .....

**C. Tembung Saroja.**

Ganepana nganti dadi *tembung Saroja*.

Tuladha :

Gagah .....  
Gagah *prakosa*.


- |                 |                 |
|-----------------|-----------------|
| 1. Kukuh .....  | 6. Subur .....  |
| 2. Papa .....   | 7. Sayuk .....  |
| 3. Andhap ..... | 8. Sato .....   |
| 4. Godha .....  | 9. Sanak .....  |
| 5. Colong ..... | 10. Welas ..... |



## Wulangan 3

### I. A. Wacan

#### MAK SARI



Dina Sabtu Bu Nastiti karo murid-murid kelas papat ninggalake sekolahan. Padha menyang omahe Mak Sari. Omahe Mak Sari cedhak kali gedhe.

"Kulanuwun," uluk salame Bu Nastiti satekane ing latar. Mak Sari sumaur karo mapagake tekane. Sajak gupuh lan grapyak. Bu Nastiti karo bocah-bocah diacarani mlebu omah.

"Wonten kersa punapa Bu Guru rawuh griya kula?" takone Mak Sari.

"Badhe ningali Mak Sari nggarap sinjang bathik, Mak," wangsulane Bu Nastiti.

Mak Sari sajak seneng banget. Bu Nastiti karo bocah-bocah diajak menyang omah mburi. Diterangake carane nggarap bathik. Wiwit saka mori putih polos, nganti dadi jarit.

Mori putih polos sajarik dijereng ing gawangan. Wiwitan digawe pola gambaran bathik sing arep digarap. Olehe nggambari nganggo

potlot, gambare manut corek bathik sing dikarepake. Bisa bathik kawung, parang klithik, udan riris, sekar jagad lan liya-liyane.

Sawise dipola, banjur wiwit dicorek malam nganggo canthing bathik. Pagaweyan iki kudu tlaten, kudu sabar. Amarga ya nyorekake canthing iki sing dadi ala utawa apike bathikan. Yen coreke ala, dadine ya jarit bathik kasar. Yen coreke apik lan ngrawit, dadine ya jarit bathik sing alus.

Bu Nastiti karo bocah-bocah banjur diajak menyang panyelupan. Mori sing wis rampung dibathik malam banjur dicelup wedel. Iki kanggo warna sing ireng. Kanggo warna abang dicelup ing banyu soga.

"Punapa ingkang dipun damel wedel, Mak ?" takone Manik.

"Wedel kuwi sing dienggo uwit lan godhong tom, diwenehi enjet sethithik. Banjur dicencem. Dene soga kuwi saka klonthokan kayu soga."

Srengenge wis dhuwur, Bu Nastiti karo bocah-bocah pamitan. Bu Titi nelakake banget panuwune marang Mak Sari. Kabeh banjur padha bali menyang sekolahan.

---

B. Wangsulana pitakon-pitakon iki nganggo basa krama.

1. Ing ngendi omahe Mak Sari ?
2. Sapa sing uluk salam ing latar ?
3. Bu Titi karo bocah-bocah arep padha ndeleng apa ?
4. Anggone mbathik ana ing omah ngendi ?
5. Mak Sari nerangake carane nggarap apa ?
6. Mori putih polos dijere ing apa ?
7. Yen olehe nyorekake canthing malam ngrawit dadine bathik kepriye ?
8. Wedel kuwi sing digawe apa ?
9. Kanggo rupa abang kudu dicelup ing banyu apa ?
10. Geneya Bu Nastiti nelakake panuwun marang Mak Sari ?

II. Kawruh Basa.

A. Wit-witan.

Aranana jenenge apa ?



Tuladha :

Wit gedhang arane . . . . = gedebog.

1. Wit krambil arane . . . . .
2. Wit pari arane . . . . .
3. Wit jambe arane . . . . .
4. Wit jagung arane . . . . .
5. Wit aren arane . . . . .
6. Wit siwalan arane . . . . .
7. Wit mlinjo arane . . . . .
8. Wit pring enom arane . . . . .



B. Jenenge apa ?

Tuladha :

Sekar jagad jenenge cakrik bathik.

1. Nyunyah nginang jenenge . . . . .
2. Kebo giro jenenge . . . . .
3. Sabuk wala jenenge . . . . .
4. Kadhal menek jenenge . . . . .
5. Mandaraka jenenge . . . . .
6. Nunggak semi jenenge . . . . .
7. Rujak senthe jenenge . . . . .
8. Klabang nyander jenenge . . . . .



C. Terangna panggonan kanggo apa ?

Tuladha :

Gedhogan kanggo kandhang jaran.

- |                         |                         |
|-------------------------|-------------------------|
| 1. Gredhu . . . . .     | 6. Kombong . . . . .    |
| 2. Pagupon . . . . .    | 7. Bothekan . . . . .   |
| 3. Lumbung . . . . .    | 8. Krangkeng . . . . .  |
| 4. Pakunjaran . . . . . | 9. Pedaringan . . . . . |
| 5. Bango . . . . .      | 10. Tala . . . . .      |



### III. Paramasastra.

#### A. Tembung sing katulis miring salinana nganggo basa krama sing apik !

Tuladha :

- |   |
|---|
| a. Bu Nastiti <i>teng</i> griyanipun mak Sari.<br>b. Bu Nastiti <i>dhateng</i> griyanipun mak Sari. |
|---|


1. Kula *ajeng* ningali mak Sari mbathik.
2. *Ngga* panjenengan mlebet.
3. Inggih, mak Sari *empun* repot-repot.
4. Mori *niku* dipun damel pola rumiyin.
5. Padamelan *niki* kedah tlatos lan sabar.
6. Sasampunipun *ngeten* lajeng dipun wedel.
7. Cobi, *samang* pirsani rumiyin.
8. Wedel *nika* ingkang dipun damel ron tom kaliyan enjet.
9. *Napa* ingkang dipun damel soga ?
10. Ing ngriki mboten *enten* pabrik mori.

#### B. Gawenen ukara sing apik lan runtut !

Tuladha :

- |   |
|---|
| a. cedhak- <i>omahe</i> -gedhe-mak Sari-kali.<br>b. Omahe mak Sari cedhak kali gedhe. |
|---|

1. digawe-mori-*sadurunge*-dhisik-dibathiki-pola.
2. mbathik-canthing-*sing*-jenenge-iku-kanggo.
3. dioserake-banjur-*canthing*-diiseni-ing-malam-mori.
4. jarit-jenenge-*parang klithik*-iku.
5. mbathik-*bocah-bocah*-mak Sari-nggatekake-padha.
6. diwedel-*mori*-banjur-dibathiki-sawise.
7. godhong tom-digawe-*wedel*-saka-enjet-dicampur.
8. nggawe-mau-*wedel*-rupa-kanggo-ireng.
9. digawe-soga-*rupa*-nganggo-abang.
10. bu Nastiti-*omahe-jam 11.00*-kondur-mak Sari-saka.



C. Wenehana panambang "ake" utawa "i" !

Tuladha :

- a. Jam 11.00 Bu Nastiti (tinggal) omahe mak Sari.
- b. Jam 11.00 Bu Nastiti *ninggalake* omahe mak Sari.

1. Mak Sari ( terang ) carane mbathik.
2. Bocah-bocah padha ( krungu ).
3. Terkadhang mak Sari ( conto ) mbathik.
4. Uga carane ( corek ) canthing ing mori.
5. Suminar ( titi ) banjur njajal.
6. Mak Sari ( celup ) bathik ing wedel.
7. Sawise iku banjur ( sogu ).
8. Bu Nastiti ( pamit ) bocah-bocah marang mak Sari.
9. Uga ( suwun ) pangapura mbok manawa ana sing luput.
10. Mak Sari ( salam ) bu Nastiti lan bocah-bocah.

IV. Kasusastran.


A. Kirata Basa.

Apa tegese kirata basa ing ngisor iki ?

Tuladha :

Tebu = antebing kalbu.

1. Batur = .....
2. Cengkir = .....
3. Garwa = .....
4. Kursi = .....
5. Bapak = .....
6. Tuwa = .....




B. Purwakanthi.

Jangkepna nganti dadi purwakanthi sing apik !

Tuladha :





**B. Tulisen nganggo aksara Jawa !**

duwe gawe	mau bengi
karo dene	jamu pace
teka rono	mepe gula
saka kutha	ora dawa
tuku gudhe	sapi lemu

**VI. N g a r a n g.**

**Apa kowe wis weruh reca ?**

**Yen uwis wangsulana pitakon-pitakon iki !**




- 1. Ana ing ngendi kowe weruh reca ?**
- 2. Recane gambar apa ?**
- 3. Reca kuwi sing digawe saka apa ?**
- 4. Sapa sing gawe reca ?**
- 5. Apa kowe bisa gawe reca saka lemah ?**

**Coba critakna sepisan maneh anggonmu ndeleng reca !**

I. A. Wacan.

DINA NATAL



Sawise umbah-ubah Suminar dolan karo Andaru. Bocah loro menyang omahe Arti. Wingi wis padha semayan arep rujakan. Olehe rujakan karo Manik, Lestari lan Maria. Maria kuwi kanca anyar sing teka saka liya kutha.

Satekane ing omahe Arti, Manik karo Lestari wis ana kono.

"Endi Maria?" takone Suminar.

Arti mangsuli, "Maria isih menyang greja karo Bapak lan ibune. Dina iki rak dina Natal, ing greja jare ana kebaktian."

"Dheweke ora bisa teka?"

"Bisa, nanging mengko rada awan. Mau isih esuk umun-umun wis mrene awèh kabar. Mulane dienteni sedhela, mesthine ora suwe maneh dheweke teka."

Bocah-bocah banjur padha mlebu ngomah, padha maca buku kapustakan. Andaru mung ndelengi gambar-gambare wae, amarga

dheweke durung bisa maca. Isih lagi kelas siji anyar.

Ora suwe maneh Maria teka, ulate sumringah.

"Wis suwe ngenteni aku ?"

Manik sumaur, "Durung Maria. Lagi maca oleh patang kaca, kowe wis teka."

"Arti, aku diutus Bapak, kowe kabeh wae supaya teka ing ngomahku. Anggone rujakan diwurungake wae, priye ?"

Bareng dipikir sedhela, kabeh sarujuk. Dina kuwi ora sida rujakan. Bocah-bocah padha menyang omahe Maria Kristanti. Ing kana padha disuguhi roti.

"Dina iki libur, kabeh rak bungah ta atimu ?" takone bapake Maria.

"Bingah, bingah pak, "sumaure Suminar.

"Pancen ya mesthi bungah, kajaba iku pancen dina iki dina gedhe. Dina wiyosane Gusti Yesus Kristus. Panjenengane miyos ing Betlehem, tanah Palestina. Miyos saka kandhutane Ibu Maria."

Saka greja keprungu kidung Dalu Suci.

Bocah-bocah padha ngrungokake ngendikane Pak Yosef, bapake Maria Kristanti. Andaru sedhela-sedhela ngrogoh roti ing kaleng gedhe. Ora amelu dikedhep-kedhepi mbakyune.

---

B. Wangsulana pitakon-pitakon iki nganggo basa krama !

1. Suminar karo Ndaru dolan menyang endi ?
2. Bocah-bocah semayan arep nyangapa ?
3. Maria kuwi kanca anyar teka saka ngendi ?
4. Jarene Arti, Maria isih menyang endi ?
5. Olehe maca Manik oleh pirang kaca nalika Maria teka ?
6. Geneya Andaru mung ndelengi gambar-gambar ?
7. Ing omahe Maria Kristanti disuguhi apa ?
8. Dina Natal kuwi wiyosane sapa ?
9. Saka greja keprungu lagu apa ?
10. Apa agamane Maria ?

II. Kawruh Basa.


A. Arane kembang.

Isenana apa arane !

Tuladha :

Kembang *tebu* arane *gleges*.

- 1. Kembang blimbing arane .....
- 2. Kembang duren arane .....
- 3. Kembang cengkeh arane .....
- 4. Kembang dhadhap arane .....
- 5. Kembang jambu arane .....
- 6. Kembang kacang arane .....
- 7. Kembang salak arane .....
- 8. Kembang gedhang arane ...



B. Tembung wilangan.

Tuladha :

Gedhang *salirang*.

- 1. Jeruk sa .....
- 2. Bolah sa .....
- 3. Kencur sa .....
- 4. Bawang sa .....
- 5. Krambil sa .....
- 6. Sandhangan sa .....
- 7. Banyu sa .....
- 8. Beras sa .....

C. Arane Wayah.

Aranana kira-kira jam pira ?

Tuladha :

Wayah Asar jam papat sore.

- 1. Wayah lingsir wengi jam .....



2. Wayah tengange jam .....
3. Wayah surup jam .....
4. Wayah Subuh jam .....
5. Wayah byar jam .....
6. Wayah Ngisak jam .....
7. Wayah bang-bang wetan jam .....
8. Wayah wisan gawe jam .....

### III. Paramasastra.

#### A. Salinana nganggo basa krama sing alus !

Tuladha :

- a. Panjenengane miyos ing Betlehem.
- b. Panjenenganipun miyos ing Betlehem.

1. Bocah-bocah padha ngrungokake ngendikane pak Yosef.
2. Pak Yosep dhawuh yen Betlehem iku kalebu tanah Palestina.
3. Dina Natal, pengetan wiyosane Gusti Yesus Kristus.
4. Pak Yosep arep tindak menyang greja.
5. Kira-kira jam 12.00 lagi kondur saka greja.
6. Dadi rawuh ndalem wis meh jam siji.
7. Biasane, sawise salin banjur maos koran.
8. Bubar iku lagi dhahar.
9. Ngaso sedhela banjur sare.
10. Wungune jam papat.



B. Gawenen dadi ukara pitakon I

Tuladha :

a. Panjenengane miyos *ing Betlehem*.  
b. *Ing ngendi* panjenengane miyos ?

1. a. Bocah-bocah padha rujakan *ing omahe Arti*.  
b. ....
2. a. Wong-wong padha nganake kebaktian *ing greja*.  
b. ....
3. a. Andaru ndeleng gambar-gambar *ing kamar ngarep*.  
b. ....
4. a. Arti lan kancane maca buku kapustakan *ing ruang tamu*.  
b. ....
5. a. Ibune Arti nggodhog unjukan *ing pawon*.  
b. ....
6. a. Maria lagi kebaktian *ing greja*.  
b. ....
7. a. Suminar, Manik, Arti lan Lestari melu Natalan *ing omahe Maria*.  
b. ....
8. a. *Ing omahe Maria* bocah-bocah disuguhi roti.  
b. ....
9. Rotine diwadhahi *ing kaleng gedhe*.  
b. ....
10. a. Sawise entek wadhaha disinggahake *ing lemari*.

C. Gawenen kaya ing ngisor iki !

Tuladha :

Sekolahan = sekolah — an.

- |                |   |       |             |   |       |
|----------------|---|-------|-------------|---|-------|
| 1. Kebaktian   | = | ..... | 6. Omahe    | = | ..... |
| 2. Diwurungake | = | ..... | 7. Sakelas  | = | ..... |
| 3. Pasuketan   | = | ..... | 8. Dipikir  | = | ..... |
| 4. Rujakan     | = | ..... | 9. Disuguhi | = | ..... |
| 5. Mulane      | = | ..... | 10. Tokone  | = | ..... |


IV. Kasusastran.

A. Tembung Pepindhan.

Tuladha :

Ayune pindha *Dewi Ratih.*

1. Galake pindha .....
2. Begjane pindha .....
3. Kesite pindha .....
4. Putih ngumpul putih pindha .....
5. Thingak-thinguk pindha .....
6. Beda banget pindha .....
7. Antenge pindha .....
8. Akehing pepati pindha .....



B. Yogyakarta

Isenana tembung kang mawa teges lanang wadon !

Tuladha :

Dewa — dewi.

1. Bethara — .....
2. Apsara — .....
3. Yaksa — .....
4. Pemudha — .....
5. Kedhana — .....



- 6. Parameswara -- .....
- 7. Gandarwa - .....
- 8. Gana - .....

C. Tembung Camboran.

Tegesana tembung camboran iki !

Tuladha :

Jitus = siji lan satus.

- 1. Jiro = .....
- 2. Dhegus = .....
- 3. Lunglit = .....
- 4. Dubang = .....
- 5. Kakkong = .....
- 6. Bangjo = .....
- 7. Bang cuk = .....
- 8. Tongji = .....

V. Aksara Jawa.

A. Turunen sing bener lan apik !

ꦲꦲ	ꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲꦲ
hah	nah	cah	rah	kah
ꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲꦲ
dah	tah	sah	wah	lah
ꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲꦲꦲꦲ
pah	dhah	jah	yah	nyah
ꦲꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲꦲꦲꦲ	ꦲꦲꦲꦲꦲꦲꦲ
mah	gah	bah	thah	ngah

B. Wacanen sing cetha lan bener !

ᑦᑦ ᑲᑲ ᑲ

ᑦᑦᑲᑲ ᑲᑲᑲ

ᑲᑲ ᑲᑲ ᑲ

ᑲᑲᑲᑲ ᑲᑲᑲ

ᑲᑲ ᑲᑲ ᑲ

ᑦᑦᑲᑲ ᑲᑲᑲ

ᑲᑲ ᑲᑲ ᑲ

ᑦᑦ ᑲᑲ ᑲ

ᑲᑲᑲ ᑲᑲᑲ

ᑲᑲ ᑲᑲ ᑲ

VI. Ngarang.

Apa kowe wis tau gawe rujak ? Yen uwis coba wangsulana pitakon iki !

1. Kapan kowe gawe rujak ?
2. Ana ing ngendi anggonmu rujakan ?
3. Sapa wae kanca-kancamu ?
4. Apa sing padha kok rujak ?
5. Apa wae bumbu bumbune ?
6. Apa pirantine gawe rujak ?
7. Kepriye carane anggonmu gawe rujak ?
8. Kepriye rasane rujak gaweyanmu ?

Saiki banjur critakna sepisan maneh anggonmu rujakan sing urutan !

SISKAMLING



Suwara bedhug isak saka masjid keprungu. Suminar isih sinau, Andaru wis turu nglepus. Ibu isih setrika ing meja njero.

Pak Makmur metu saka kamar wis salin klambi putih kombor. Clanane ireng, ing gulune kalung sarung.

"Kenthese kayu kopi ana ing ngendi, Bu?" takone karo milang miling sajak golek-golek.

Ibu leren anggone setrika. Sumaure : "Ing ngisor meja dawa, pak. Wengi iki wis teka giliran mubeng dhukuh maneh ta?"

"Saiki rak malem Selasa Wage ! Mulane mengko gawea nyamikan, Bu. Tengah wengi mengko kanca-kanca dakajake mampir mrene".

"Iya, pak. Wong uwi gembili ya ana wae kok !"

Pak Makmur banjur budhal. Jaga keamanan mubeng dhukuh, nindakake jibanan siskamling. Sedhela maneh Suminar mapan turu, Ibu menyang pawon adang uwi. Ing njaba keprungu tlethik, sajake wiwit grimis.

Jam sepuluh olehe ibut ing pawon wis rampung. Ibune Suminar banjur mapan turu ing sisihe Andaru.

Lagi turu angler, dumadakan kaget banjur tangi. Keprungu suwarane wong bengok-bengok. Suwarane wong akeh sajak ngoyak-oyek. Suminar karo Andaru banjur tangi, padha wedi.

"Ana apa, Bu ?" takone Andaru.

"Wangune ana maling, Ndaru, "sumaure Ibu lirik.

Suminar ndhepipis ing cedhake ibune, dhadhane krassa dheg-dhegan. Suwarane wong oyak-oyakan saya adoh, banjur ilang ora keprungu. Atine padha rada tentrem.

Wayah lingsir wengi pak Makmur mulih. Mulihe bebarengan karo pak Musa, Pak Danu, Pak Dikin Pak Jamil lan Pak Kamituwa Jaidi. Kabeh padha nggawa gegaman.

"Ana apa kok rame-rame, pak ?" takone Ibu.

"Ana maling mlebu omahe Yu Lirik. Randha sugih cedhak sekolahan kae. Nanging malinge wis kecekel, saiki wis digawa menyang Kantor Polisi."

"Tujune bisa kacekel, ya, Bu ?" sumaute Suminar lega.

Ibu manthuk, banjur menyat menyang pawon. Njupuk nyamikan.

Sedhela maneh wong-wong wis padha mangan uwi karo gembili. Ngombe wedang kopi. Bubar kuwi wong-wong mau padha metu, bali rondha mubeng dhukuh maneh.

Lawang ngarep nuli ditutup. Ibu, Suminar lan Andaru bali turu maneh.

---

B. Wangsulana pitakon-pitakon iki nganggo basa krama !

1. Suwara bedhug isak keprungu saka ngendi ?
2. Ing ngendi ibune Suminar anggone setrika ?
3. Kepriye rupane clanane Pak Makmur ?
4. Ana ing ngendi kenthes sing digoleki bapake Suminar ?
5. Ing pawon ibune Suminar adang apa ?
6. Kira-kira jam pira krungu suwarane wong bengok-bengok ?
7. Wayah apa Pak Makmur mulih ubeng dhukuh ?
8. Omahe sapa sing keleton maling ?
9. Malinge digawa menyang endi ?
10. Apa nyamikane wong-wong rondha mau ?

II. Kawruh Basa.

A. Golekana tembung sing padha utawa memper tegese !

Tuladha :

*туру nglepus* = *туру kepati.*

1. *nggawa kenthes* = nggawa .....
2. *gawe nyamikan* = gawe .....
3. *ngoyak maling* = ..... maling.
4. *atine tentrem* = atine .....



5. *malinge kecekel* = malinge .....
6. *njaga keamanan* = njaga .....
7. *kudu waspada* = kudu .....
8. *prigel masak* = ..... masak.
9. *nyambut gawe sengkut* = nyambut gawe .....
10. *aja dhemen maido* = aja dhemen .....



B Arane isi.

Tuladha :

Isi asem arane klungsu.

1. Isi duren arane .....
2. Isi nangka arane .....
3. Isi pelem arane .....
4. Isi semangka arane .....
5. Isi sawo arane .....
6. Isi salak arane .....
7. Isi randhu arane .....
8. Isi kluwih arane .....



C. Cekakan saka tembung apa ?

Tuladha :

Siskamling = Sistim Keamanan Lingkungan.

- |                     |                    |
|---------------------|--------------------|
| 1. Hankam = .....   | 5. TABANAS = ..... |
| 2. KORES = .....    | 6. PKK = .....     |
| 3. KODIM = .....    | 7. KEJAR = .....   |
| 4. POLANTAS = ..... | 8. MUSPIKA = ..... |

III. Paramasastra

A. Salinana nganggo basa krama !

Tulada ;

- a. Swara bedhug isak keprungu saka masjid.
- b. Swanten bedhug isak kepireng saking masjid.

1. Suminar isih sinau, Andaru wis turu nglepus.
2. Ibu isih setrika ing meja njero.
3. Pak Makmur metu saka kamar.

4. Klambine putih, clanane ireng
5. Pak Makmur milang-miling nggoleki kenthes.
6. Pak Makmur budhal, jaga keamanan.
7. Sedhela maneh Suminar mapan turu.
8. Ibu menyang pawon adang uwi karo nggodhog wedang.
9. Ing njaba udan grimis.
10. Dumadakan kaget, krungu swarane wong bengok-bengok.



**B. Ukara iki waliken.**

Tuladha :

- a. Pak Makmur *nggoleki* kenthes.
- b. Kenthes *digoleki* pak Makmur.

1. a. Suminar lagi *ngringkesi* buku.  
b. ....
2. a. Andaru *nyulaki* meja.  
b. ....
3. a. Ibu *makani* pitik ing mburi.  
b. ....
4. a. Bapak *nggawa* kethongan.  
b. ....

5. a. Suminar lan Andaru *mlayoni* Arti.  
b. ....
6. a. Arti *mapag* tekane Suminar dan Andaru.  
b. ....
7. a. Ibu *mundhut* nyamikan.  
b. ....
8. a. Wong-wong padha *mangan* gembili karo uwi.  
b. ....
9. a. pak Musa lan Pak Danu *njaga* keamanan desa.  
b. ....
- 10 a. Bapak *ngaturi* ibu nggodhog wedang.  
b. ....

C. Apa tegese tembung-tembung sing ditulis *miring* ing ukara iki ?

Tuladha :

Tujune malinge wis *kecekel*.  
*Kecekel* = *dicekel*.

1. Suwarane bedhug *katabuh* saka masjid.
2. Uwi lan gembili *kapangan* kabeh dening wong jaga.
3. Samono uga wedhange, entek *kaombe*.
4. Kareben turu sing kateg, aja *kagugah*.
5. Adhimu yen *kajarag* mesthi nangis.
6. Pelem mau kabeh *katuku* dening Suminar.
7. Tembung sing *katulis* kandel ini golekana tegese !
8. Malinge *karangket* ana kelurahan.
9. Saben gawangan omah *kapasang* lampu.
10. Nyamikan *kagawe* saka tela.

IV. Kasusastran.

A. Tembung saroja.

Jangkepana nganti dadi *tembung saroja* sing bener !

Tuladha :

- a. Turu nglepus.
- b. Edi peni.

- 1. Dana .....
- 2. Solah .....
- 3. Suba .....
- 4. Tapa .....
- 5. Salah .....
- 6. Bibit .....
- 7. Sayuk .....
- 8. Tumpuk .....
- 9. Sato .....
- 10. Girang .....




**B. Wangsulana!**

Tuladha :

Roning mlinjo ( *eso* ) = *kāpareng nyuwun ngaso.*

- 1. Jenang gula ( *glali* ) = aja .....
- 2. Balung geni ( *wawa* ) = mbok .....
- 3. Janur gunung ( *aren* ) = ..... kok tindak mreng.
- 4. Nlemah bengkah ( *tela* ) = aja sok .....
- 5. Balung sate ( *sujen* ) = Yen wani .....
- 6. Jagung mudha ( *janten* ) = Aja kesusu dak .....
- 7. Lonthong janur ( *kupat* ) = menawi .....  
lepat nyuwun ngapura.
- 8. Ngrokok cendhak ( *tegesan* ) = kok .....

C. Tembang dolanan iki coba lagokna !



### MENTHOG—MENTHOG

Menthog-menthog dak kandhani.  
 Mung solahmu angisin-isini.  
 Mbok aja ngetok, ana kandhang bae.  
 Enak-enak ngorok ora nyambut gawe  
 Menthog-menthog mung lakumu.  
 megal-megol gawe guyu.

### V. Aksara Jawa.

A. Turunen sing bener lan apik !

ꦲꦂ  
har  
ꦢꦂ  
dar  
ꦥꦂ  
par  
ꦩꦂ  
mar

ꦤꦂ  
nar  
ꦠꦂ  
tar  
ꦢꦲꦂ  
dhar  
ꦒꦂ  
gar

ꦕꦂ  
car  
ꦱꦂ  
sar  
ꦗꦂ  
jar  
ꦧꦂ  
bar

ꦂꦂ  
rar  
ꦮꦂ  
war  
ꦚꦂ  
yar  
ꦠꦂ  
thar

ꦕꦂ  
kar  
ꦭꦂ  
lar  
ꦚꦂ  
nyar  
ꦒꦂ  
ngar

B. Wacanen sing cetha lan bener !

          /       /       /       /       /       /  
          /       /       /       /       /       /  
          /       /       /       /       /       /  
          /       /       /       /       /       /  
          /       /       /       /       /       /  
          /       /       /       /       /       /

          /       /       /       /       /       /  
          /       /       /       /       /       /  
          /       /       /       /       /       /  
          /       /       /       /       /       /  
          /       /       /       /       /       /  
          /       /       /       /       /       /

VI. Ngarang.


Critakna gambar loro ing ngisor iki, banjur tulisen ing bukumu!

Irah-irahane : KOJUR.



I. A. Wacan.

TAMAN LALU LINTAS



Dina Jumat sore bocah-bocah menyang sekolahan. Murid kelas papat, lima, lan enem. Bocah-bocah mau padha nggawa piranti nyambut gawe. Ana linggis, pacul, graji, pasah lan liya-liyane,

Pak Amar lan pak Ilham, guru kelas lima lan enem, wis rawuh. Bu Nastiti malah wis luwih dhisik. Pak Giyat ngetokake kothakan gedhe saka gudhang. Di gawa menyang latar mburi, Bocah-bocah kabeh didhawuhi melu pak Giyat.

Bu Nastiti nimbali Suminar karo Arti.

Ngendikane, "Kowe kabeh, Minar karo Arti, gawanen kothak kerdhus iki menyang mburi. Iki isi komplong-komplong karo kuwas cet. Uga ana sawatara lembar perlas kayu."

"Inggih, Bu" sumaure Suminar.

Sore kuwi bocah-bocah nyambut gawe sengkut ing latar mburi. Ing kana digawe taman lalu lintas. Ana dalan lan prapatan-prapatan. Uga ana tikungan-tikungan, dalam munggah lan mudhun kaliwatan rel sepur lan kali-kali. Ana kreteg lan ana trowongan.

Kabeh digawe sarwa cilik.

Ing kana-kene dipasang tandha dalan. Tandha dalan mau wis digawe sadurunge dening pak Ilham karo pak Amar. Ana gambar sedhan menek garis, dipasang ing dalan munggah ndeder. Dene gambar panah bengkong dipasang cedhak tikungan. Arep ngliwati rel sepur dipasang gambar lokomotip karo tulisan ; AWAS KERE-TA API.

"Kuwi tandhane dalan sing nugel rel sepur sing ora ana lawangane, cah. Sing ana lawangane, tandhane kaya gambar andha iki !" ngendikane pak Ilham.

Ing cedhak dalan prapatan gedhe dipasang gambar uwong loro ireng-ireng, kanggo pratandhane papane wong-wong sing nyabrang ratan gedhe .

Jam lima luwih sethithik pagaweyan wis rampung. Barang-barang lan pirantine diringkesi. Kabeh banjur padha mulih.

## B. Wangsulana pitakon-pitakon iki nganggo basa krama !

1. Piranti apa wae sing digawa bocah-bocah ?
2. Suminar karo Arti diutus Bu Nastiti nggawa apa ?
3. Apa isine kerdhus sing digawa Minar karo Arti ?
4. Ing ngendi bocah-bocah nyambut gawe ?
5. Sapa sing gawe tandha-tandha dalan ?
6. Gambar sedhan menek garis dipasang ing ngendi ?
7. Ing dalan sing nugel rel sepur sing ora nganggo lawangan dipasang gambar apa ?
8. Ing dalan sing nugel rel sepur sing nganggo lawangan dipasang gambar apa ?
9. Apa zebra-cross kuwi ?
10. Jam pira pagaweyan mau rampung ?

## II. Kawruh Basa.

### A. Golekana *kosok baline* tembung iki !

Tuladha :

nyambut gawe sengkut  $\times$  nyambut gawe sak *kepenake*.



1. dalam *tikungan* × dalam .....
2. gunung *gundhul* × gunung .....
3. banyune kali *amber* × banyune kali .....
4. dalane *rame banget* × dalane .....
5. dalane *nugel* rel sepur × dalane ..... rel sepur
6. pegaweyane *wis rampung* × pegaweyane .....
7. piranthine *diringkesi* × pirantine .....
8. bocah-bocah *padha bali* × bocah-bocah lagi .....



B. Tembung-tembung iki duwe teges panggonan kanggo apa ?

Tuladha :

- |               |                            |
|---------------|----------------------------|
| a. Kasatriyan | = panggonane satriya.      |
| b. Pamulangan | = panggonan kanggo mulang. |

1. Pelabuhan = .....
2. Pesanggrahan = .....
3. Pinihan = .....
4. Sanggar = .....
5. Musholla = .....
6. Stasiun = .....
7. Kampus = .....


8. Stadion = .....  
 9. Gudhang = .....  
 10. Kabupaten = .....

c. Aranana cacade perangan awak.

Tuladha :

- a. Bathuke *nonong*  
 b. Irunge *gruwung*.

1. Pundhake .....
2. Pipine .....
3. Mripate .....
4. Untune .....
5. wetenge .....
6. Rambute .....
7. Sirah .....
8. Tangane .....



### III. Paramasastra.

A. Wacan ing ndhuwur salinana nganggo basa krama sing apik lan bejer ! Bu Guru marang muride panggah ngoko.


B. Golekana jejere ukara iki !

Tuladha :

Pak Giyat ngetokake kothakan.  
 Pak Giyat = jejer.

1. Bu Nastiti nimbali Suminar.
2. Suminar nggawa kothak kardhus.
3. Bocah-bocah gawe taman lalu-lintas.
4. Pak Ilham ngasta rambu-rambu.
5. Pak Umar nggambar panah bengkong
6. Sedhan munggah gunung.
7. Sepur nugel dalan.

8. Wong nyabrang dalan.
9. Bocah lagi mlaku
10. Pak Guru ngringkesi piranti.



**C. Wenehana ater-ater ; pa, pi utawa pra !**

**Tuladha :**

- a. Ing kana-kene dipasang rambu-rambu minangka ( tuduh ).
- b. Ing kana-kene dipasang rambu-rambu minangka pituduh.

1. a. Sing ora bisa supayangajokake (takon).  
b. ....
2. a. Sawengi watuh (sasat) ora bisa turu.  
b. ....
3. a. Sing teka padha nggawa (sumbang).  
b. ....

4. a. (tandha) yen padha guyub-rukun.  
b. ....
5. a. Minah saiki dadi (momong) ing kutha.  
b. ....
6. a. Minangka (andel) bukune ditinggal.  
b. ....
7. a. Marga tumindakmu aku oleh (ala).  
b. ....
8. a. (Kara) iku wis ora susah dipikir.  
b. ....
9. a. Aja (sambat) aku yen ana repotmu.  
b. ....
10. a. Buku Tataran Anyar ana gambare (jurit).  
b. ....

#### IV. KASUSASTRAN

##### A. PARIBASAN



Apa tegese paribasan iki ?

Tuladha :

Tumbak cucukan = uwong sing *dhemmen adu-adu*.

1. Cebol nggayuh lintang = .....
2. Rebut balung tanpa isi = .....
3. Nucuk ngiberake = .....
4. Kere mungguh bale = .....
5. Kebanjiran segara madu = .....

B. Aranana candrane apa ?

Tuladha :

miji timun *untune.*

1. ngulan-ulan . . . . .
2. nraju mas . . . . .
3. manggis karengat . . . . .
4. tumengeng tawang . . . . .
5. ngelar kombang . . . . .
6. mbata sarimbag . . . . .
7. lonjong mimis . . . . .
8. arum jamban . . . . .
9. pait madu . . . . .
10. peret beton . . . . .



C. Apa tegese tembung camboran iki ?

Tuladha :

wulu-wetu = asile nyambut gawe.

1. wulu-cumbu = . . . . .
2. tuwa tuwas = . . . . .
3. uba rampen = . . . . .
4. mas picis = . . . . .
5. gethok tular = . . . . .
6. sapu kawat = . . . . .
7. kerig lampit = . . . . .
8. pacak baris = . . . . .
9. tuna dungkap = . . . . .
10. saru siku = . . . . .

V. AKSARA JAWA

A. Turunen sing bener lan apik !

ꦲꦁ hang	ꦤꦁ nang	ꦕꦁ cang	ꦫꦁ rang	ꦏꦁ kang
ꦢꦁ dang	ꦠꦁ tang	ꦱꦁ sang	ꦮꦁ wang	ꦭꦁ lang
ꦥꦁ pang	ꦢꦲꦁ dhang	ꦗꦁ jang	ꦮꦲꦁ yang	ꦤꦲꦁ nyang
ꦩꦁ mang	ꦁꦁ gang	ꦧꦁ bang	ꦠꦲꦁ thang	ꦤꦁꦁ ngang


B. Wacanen sing cetha lan bener !

ꦏꦁ ꦭꦁ	ꦫꦁ ꦠꦁ
ꦏꦁ ꦭꦁ	ꦫꦁ ꦠꦁ
ꦏꦁ ꦭꦁ	ꦫꦁ ꦠꦁ
ꦏꦁ ꦭꦁ	ꦫꦁ ꦠꦁ
ꦏꦁ ꦭꦁ	ꦫꦁ ꦠꦁ

# VI. NGARANG

Tamatna gambar papat iki sing titi, banjur critakna !

## NERAK TATANAN



I. A. Wacan

KEBON EMPON-EMPON



Ing mburi omah pak Makmur ana lemah mluwa. Manggone cedhak blumbang iwak. Suminar karo Andaru katon lagi ibut ing kono. Lemah kuwi dipaculi nganggo pacul cilik.

"Minar, Minar!" Ibune undang-undang.

Nanging ora ana wangsulan. Ibu banjur ganti undang-undang Andaru. Uga ora ana wangsulan. Bocah loro lagi padha ketungkul nyambut gawe. Kringete nganti dleweran.

Ibu ngungak menyang mburi omah.

"We la, lagi padha nyangapa ta kuwi?"

Suminar ndengengek karo ngusap-usap kringet ing gulune.

"Minar, lagi padha nyangapa ana ing kono?" takone Ibu.

"Pacul-pacul, Bu, Lemah iki arep daktanduri empon-empon. Jahe, kencur, temu lawak, laos lan sapanunggalane. Ing kebon sekolahan mauuga ditanduri empon-empon".

Ibu mesem karo manggut-manggut.



Andaru sumaur, "Aku ya arep nandur kencur, Bu. Mbesuk arep gawe jamu beras kencur. Kaya jamu ideran sing digawe Bu Madi kae".

"Hem, bagus tenan kowe, Ndaru". pangaleme ibune.

"Ngendikane Bu Titi empon-empon ngono kuwi kena kanggo jamu-jamu lan tetamba, Bu." kandhane Suminar.

"Bener, Nar. Ing kursus PKK bab kuwi uga dipratelakake. Kebon lombok, terong, bayem, kacang, brambang, kucai lan sa-panunggalane diarani pasar hidup. Dene kebon empon-empon sing lagi kok garap kuwi diarani apotik hidup tegese kebon jamu lan tetamba. Kebon jamu lan tetamba kuwi perlu ana, sawayah-wayah katekan lara bisa gawe jamu lan tetamba dhewe".

Ibu banjur maringi dhuwit rong atus seket rupiyah kanggo tuku winih jahe karo kencur. kunir, temu lawak dan liya-liyane njaluk saka kebone pak Dikin.

## B. Wangsulana pitakon-pitakon iki nganggo basa krama !

1. Ngendi ana lemah mluwa ?
2. Ing cedhak blumbang Suminar karo Andaru lagi nyangapa ?
3. Sapa sing undang-undang Minar lan Ndaru ?
4. Lemah mluwa arep ditanduri apa ?
5. Andaru arep nandur apa ?
6. Sapa sing gawe jamu beras kencur ideran ?
7. Empon-empon iku kena kanggo apa ?
8. Apa sing diarani pasar hidup ?
9. Apa sing diarani apotik hidup ?
10. Ibu maringi dhuwit kanggo apa ?

## II. Kawruh Basa

### A. Golekana tembung liya sing padha utawa meh padha tegese !

Tuladha :

**Lemah mluwa = lemah kosong (durung ditanduri).**

1. Ketungkul nyambut gawe = .....
2. Kringete dleweran = .....


- 3. Andaru dialem ibune = .....
- 4. Apotik hidup = .....
- 5. Awake waras = .....
- 6. Tanduran empon-empon = .....
- 7. Kursus PKK = .....
- 8. Nnggarap kebon = .....
- 9. Ngreksa tanduran = .....
- 10. Kaleksanan karepe = .....

B. Apa tegese tembung kala iki ?

Tuladha :

Kala-kala = terkadhang, sok-sok.

- 1. Kala mangsa = .....
- 2. Kala wingi = .....
- 3. Kala nadhah = .....
- 4. Kalanjana = .....
- 5. Bathara kala = .....
- 6. Murwa Kala = .....
- 7. Kala jengking = .....
- 8. Kala nganggur = .....



C. Etungen nganggo tembung kawi !

Tuladha :

siji = eko

- loro = .....
- telu = .....
- papat = .....
- lima = .....
- nenem = .....
- pitu = .....
- wolu = .....
- sanga = .....
- sepuluh = .....

### III. PARAMASASTRA

#### A. Isenana nganggo tembung didhawuhi utawa diaturi !

Tuladha :

- |   |
|---|
| a. Bocah-bocah . . . . . supaya nandur empon-empon. |
| b. Bocah-bocah didhawuhi supaya nandur empon-empon. |

1. Ibu . . . . . kondur, ana tamu.
2. Bapak . . . . . tindak daleme simbah saiki uga.
3. Suminar . . . . . tuku winih jahe, kencur lan temu lawak.
4. Sawise tata-tata banjur . . . . . bali.
5. Sing bisa . . . . . nggarap menyang blabag.
6. Minar, bapak . . . . . dhahar dhisik !
7. Sapa bae sing . . . . . rawuh mau bengi ?
8. Yen . . . . . wong tuwa kudu manut.
9. Bocah-bocah . . . . . yen mlaku ora pareng gojegan.
10. Suk dina Sabtu pak Lurah . . . . . rawuh ing sekolahan.

#### B. Ukara iki waliken !



Tuladha :

- |   |
|---|
| a. Kebon mburi <i>dipaculi</i> dening Suminar lan Andaru. |
| b. Suminar lan Andaru <i>maculi</i> kebon mburi.          |

1. a. Empon-empon *ditandur* dening Suminar.  
b. . . . .
2. a. Oyod winih jahe *diresiki* dening Andaru.  
b. . . . .

3. a. Winih kencur mau *dijupuki* dening sapa ?  
b. ....
4. a. Winih kencur sing ilang *digolekake* ijol dening ibu.  
b. ....
5. a. Kringete sing dleweran *diusapi* dening Andaru.  
b. ....
6. a. Piranti-piranti sing kari *diringkesi* dening bapak.  
b. ....
7. a. Bab PKK *diterangake* dening bu Nastiti.  
b. ....
8. a. Matematika *digarap* dening bocah-bocah wadon.  
b. ....
9. a. IPA lan IPS *ditulis* dening bocah-bocah lanang.  
b. ....
10. a. Kewan sikil papat *digambar* dening Manik.  
b. ....

C. Tembung sing ana njerone kurung wenehana seselan "um" !  
Tuladha :

- a. Andaru (sambung), "Aku ya arep nandur kencur, Bu".
- b. Andaru *sumambung*, "Aku ya arep nandur kencur, Bu."

1. Suwarane gludhug ( gleger ).
2. Truwelune wis (tangkar) dadi sepuluh.
3. Adhine Arti wis wiwit bisa (jangkah).
4. Atiku (kelap) weruh Honda meh nyrempet bocah.
5. Peleme lagi (rujak).
6. Degane isih (keruk) buntut.
7. Woh-wohan padha rontok (tiba) ing lemah.
8. Bathara Narada (turun) ing nagara Ngamarta.
9. Lelara thelo iku gampang banget (tular).
10. Suwarane apa sing (jeglur) mau ?

IV. Kasusastran.

A. Aranana *dasa nama* jenenge satriya iki !

Tuladha :

Janaka = Permadi = Margono = Arjuna, Kembang ali-ali.

1. Puntadewa = .....
2. Werkudara = .....
3. Anoman = .....
4. Kresna = .....
5. Gathotkaca = .....

B. Tembung *Kawi*.

Tuladha :

Suta = anak.


1. Tirta = .....
2. Diwangkara = .....
3. Nendra = .....
4. Wukir = .....
5. Kisma = .....




C. *Cangkriman*, sinawung tembung *pucung*.

Tembangna dhisik nuli *bedhenen* !

1. Bapak pucung.  
Cangkemmu marep mendhuwur  
Sabamu ing sendhang  
Pencokanmu lambung kering  
Prapting wisma  
Si pucung mutah kuwaya



2. Bapak pucung  
 Dudu watu dudu gunung  
 Sangkamu ing sabrang  
 Ngon-ingoning sang Bupati  
 Yen lumaku  
 Si pucung lembeyan grana



V. Aksara Jawa

A. Turunen sing bener lan apik.

ꦲꦤ꧀	ꦤꦤ꧀	ꦕꦚ꧀	ꦫꦚ꧀	ꦏꦚ꧀
han	nan	can	ran	kan
ꦢꦚ꧀	ꦠꦚ꧀	ꦱꦚ꧀	ꦮꦚ꧀	ꦭꦚ꧀
dan	tan	san	wan	lan
ꦥꦚ꧀	ꦢꦲꦚ꧀	ꦗꦚ꧀	ꦪꦚ꧀	ꦚꦚ꧀
pan	dhan	jan	yan	nyan
ꦩꦚ꧀	ꦒꦚ꧀	ꦧꦚ꧀	ꦠꦲꦚ꧀	ꦚꦚꦚ꧀
man	gan	ban	than	ngan


B. Wacanen sing cetha lan bener !

ꦲꦤ꧀	ꦫꦚ꧀
ꦠꦚ꧀	ꦕꦚ꧀
ꦢꦚ꧀	ꦫꦚ꧀
ꦕꦚ꧀	ꦫꦚ꧀
ꦕꦚ꧀	ꦫꦚ꧀

VI. Ngarang.


Critakna gambar telu ing ngisor iki, banjur tulisen ing bukumu !

BALI WARAS



## I. A. Wacan.

## NONTON WAYANG



Mulih sekolah Suminar enggal-enggal mangan lan ganti sandhangan. Dheweke karo Andaru arep nonton wayang ing omahe pak Jaidi, kawituwa ing desa Sanggrahan kono.

Nalika bocah loro mudhun saka tlundhagan ngarep, Arti karo Manik wis ngenteni ing ratan. Bocah-bocah mau banjur budhal. Lakune ing pinggir kiwa, dalane rame akeh tetumpakan.

Tekan panggonan tontonan wong wis akeh, uyel-uyelan.. Dhalange ngadhep kelir amba, wayange disimping ing kiwa tengen. Wayang sing gedhe-gedhe ana ing pinggir, Padha ngadeg ditancep-ake ing gedebog. Tabuhane ngungkung, kepyake kerep muni. Sedhe-la-sedhela dhalange nuthuk kothak nganggo cempala.

Sajake lakone pancen rame.

Ing crita, Yudhistira, Bima lan Arjuna isih enom. Malah Nakula lan Sadewa sing kembar kae, isih cilik-cilik. Pandhawa lima kuwi nedya disirnakake dening para Kurawa sing cacache satus. Amarga kuwatir yen Pandhawa njaluk balik nagara Astina.



Kurawa gawe reka, apus krama. Ing Waranawata digawe bale agung arane Bale Sigalagala.

Sawiji dina dewi Kunthi karo putrane, para Pandhawa, diundang menyang Bale Sigala-gala. Lakune didherekake para panakawan, Semar, Gareng lan Petruk. Para Pandhawa diundang menyang bale agung ing Waranawata kuwi jarene Kurawa arep diajak suka parisuka.

Ing kana Pandhawa ditampa kanthi bungah. Banjur padha seneng-seneng, mangan lan ngombe enak-enak. Nganti ora ngerti manawa satemene Pandhawa kuwi kaya iwak mlebu wuwu. Padha kena apuse Kurawa.

Nalika padha suka-suka ing Bale Sigalagala, ndadak bale agung kuwi diobong. Kahanan dadi geger. Pandhawa ing njero bebaya geni, Kurawa suka-suka rumangsa klakon bisa nyirnakake mungsuhe. Nanging satemene kurawa kecelik, amarga Bima bisa nylametake ibune lan sedulur-sedulure saka bebaya. Luput saka geni sing ngalad-alad, bisa ninggalake bale Sigalagala. Manut pituduhe garangan putih.

Jam lima wayange wis bubar. Suminar karo Andaru banjur mulih.

---

**B. Wangsulana pitakon-pitakon iki nganggo basa krama !**

1. Omahe sapa sing nanggap wayang ?
2. Bocah-bocah anggone lumaku ing pinggir endi ?
3. Sing disimping ing pinggir wayang sing kepriye ?
4. Dhalange nuthuk kothak nganggo apa ?
5. Kurawa kuwi cacahé pira ?
6. Kurawa nedya nyirnakake Pandhawa. Nyangapa tumindak mengkono ?
7. Bale agung sing digawe Kurawa jenenge apa ?
8. Sapa sing ndherekake Dewi Kunthi lan para Pandhawa ?
9. Manut pituduhe sapa Dewi Kunthi lan Pandhawa bisa slamet saka bebaya ?
10. Jam pira wayange bubar ?

## II. Kawruh Basa.

### A. Ganepana nganggo tembung sing mathuk !

Tuladha :

**Tabuhane ngungkung.**


- |                    |                     |
|--------------------|---------------------|
| 1. Bedhuga .....   | 6. Pasugatane ..... |
| 2. Kendhange ..... | 7. Tamune .....     |
| 3. Guyune .....    | 8. Polatane .....   |
| 4. Gambange .....  | 9. Surake .....     |
| 5. Rebabe .....    | 10. Esemé .....     |

### B. Apa pegaweyane ?

Tuladha :

**Gamel = tukang ngopeni jaran.**

- |               |         |
|---------------|---------|
| 1. Sрати      | = ..... |
| 2. Pekathik   | = ..... |
| 3. Kusir      | = ..... |
| 4. Cantrik    | = ..... |
| 5. Masinis    | = ..... |
| 6. Sopir      | = ..... |
| 7. Juru kunci | = ..... |
| 8. Sekater    | = ..... |
| 9. Juru taman | = ..... |
| 10. Niyaga    | = ..... |



### C. Sapa jenenge nalikane isih enom ?

Tuladha :

**Werkudara = Bima;**

- |           |         |
|-----------|---------|
| 1. Janaka | = ..... |
|-----------|---------|

2. Puntadewa = .....
3. Kresna = .....
4. Baladewa = .....
5. Sembadra = .....



### III. Paramasastra.

A. Wacan ing dhuwur salinana nganggo basa krama sing apik lan bener !

B. Golekana : „wasesa” ne ukara iki !

Tuladha :

Andaru nonton wayang.  
Nonton = wasesa.



1. Pak Jaidi nanggap wayang
2. Arti ngenteni Suminar
3. Dhalang ngadhep kelir.
4. Niyaga nabuh gamelan.
5. Pandhawa ndherek Dewi Kunthi.
6. Dhalang nuthuk kothak.
7. Pandhawa mlebu bale Sigalagala.
8. Kurawa nyirnakake Pandhawa
9. Kurawa ngobong bale Sigalagala.
10. Garangan putih nulungi Pandhawa.

C. Wenahana seselan "in" !

Tuladha :

- a. Yudhistira sasedulure lan Dewi Kunthi (gendhong) dening Bima.
- b. Yudhistira sasedulure lan Dewi Kunthi *ginendhong* dening Bima.

- 1. Tanpa (jarag) lakune tekan alas.
- 2. Gulune (puntir) dening Raden Gathutkaca.
- 3. Perange rame banget dugang (dugang).
- 4. Wong tetanggan becike sanjan-(sanjan).
- 5. Sokur yen tansah tulung - (tulung).
- 6. Katone meneng, nanging yen (jarag) gampang muring.
- 7. Bale Sigalagala (gawe) saka kayu sing gampang kobong.
- 8. Sajrone suka-suka tansah (jaga) dening prajurit.
- 9. Lakone Bale Sigalagala (tulisi) ing buku Mahabarata.
- 10. Tanpa (pikir) Pandhawa nekani panjaluke Kurawa.



IV. Kasusastran.

- A. Tembung ing ngisor iki ngemu surasa cilik banget utawa sedhela banget.

Tuladha :

Sagebyare *thathit*.

- 1. Sarambut .....
- 2. Sasiliring .....

3. Saglugut .....
4. Saendhog .....
5. Sakedhep .....
6. Disawang .....
7. Saumure .....
8. Yen nginganga .....

**B. Kepriye bebasane ?**

Tuladha :

Nganggo aling-aling wong darbe panguwasa supaya katekan sedyane.

Bebasan = Kekudhung walulang macan.

1. Diwenehi kalonggaran wasana isih kurang.  
Bebasan = .....
2. Wong nyemoni.  
Bebasan = .....
3. Kari nemu kepenake, kabeh wis cumawis.  
Bebasan = .....
4. Nindakake pakarti ala sarana kongkonan.  
Bebasan = .....

**C. Rurabasa utawa tembung kang salah kaprah.**

Coba benerna kepriye sing samesthine !

Tuladha :

Nulis layang = nulis ing kertas kanggo layang.

1. Nganam gedheg = .....
2. Menek krambil = .....
3. Mikul dhawet = .....
4. Adang sega = .....
5. Nguleg sambel = .....



I. A. Wacan.

DARMAWISATA



Ing dina libur dawa bocah-bocah padha seneng atine. Apamaneh sekolahan nganakake darmawisata. Arep padha ndeleng pesisir segara kidul.

Esuk umun-umun bis telu wis teka ing ngarep sekolahan. Bocah-bocah karo wong-wong sing padha arep melu darmawisata wis samapta. Andaru karo Suminar diterake bapake. Ora suwe maneh wong-wong wis padha munggah menyang tumpakan. Bis telu banjur budhal.

Andaru oleh panggonan cedhak cendhela. Sedhela-sedhela dheweke bengok-bengok amarga gumun. Weruh alas lan jurang-jurang Weruh watu-watu gedhe ing pegunungan kendheng. Kali kali pating srewah.

Desa-desa ketara lempar ing ngisor. Kedhokan pasawahan pating galur, kebak tanduran pari. Rupane selang-seling. Ana ijo lan ana sing kuning. pomahan lan pakarangan pating grembel. Blarak-blarak krambil katiyup angin kaya angawe-awe saka kadohan.

Sadurunge bedhug wis tekan segara. Kabeh padha mudhun saka bis. Ing kono angine banter, ing segara alune gedhe. Katon gulung-gumulung saka tengah, wekasan pecah lan ambyar ing pinggir. Suwarane gumebyur.

"Banyu segara kuwi rasane asin, Ndaru." kandhane pak Makmur.

Suminar sumambung, "Uyah kuwi sing digawe rak ya saka banyu segara, ya, Pak?"

Pak Makmur manthuk.

"Iya, mulane segara kuwi ya dadi kasugihane negara. Ana uyahe, ana iwake lan uga ana mutiarane sing regane larang. Liyane kuwi isih akeh maneh barang-barang sing pangaji ing njero segara."

Bocah-bocah ana sing wani adus ing pinggir. Olehe adus ing cedhake pak Amar lan pak Ilham sing uga lelangen lan slulupan. Ing tengah segara katon prau-prau golek iwak nganggo jaring.

Suminar karo kanca-kancane padha golek kerang lan kingking segara. Kanggo dolanan lan arep dironce-ronce.

## B. Wangsulana pitakon-pitakon iki nganggo basa krama.

1. Kapan bocah-bocah darmaswisata ndeleng pesisir ?
2. Sapa sing ngeterake Suminar karo Andaru ?
3. Andaru oleh panggonan lungguh ing ngendi ?
4. Amarga apa sedhela-sedhela Ndaru bengok-bengok ?
5. Geneya rupane tanduran pari katon selang-seling ijo lan kuning ?
6. Blarak-blarak krambil katiyup angin kaya nyangapa ?
7. Kira-kira jam pira wong-wong tekan segara ?
8. Apa sing suwarane gumebyur ?
9. Banyu segara kena digawe apa ?
10. Kanggo apa bocah-bocah wadon golek karang lan kingking ?

## II. Kawruh Basa.

### A. Apa tegese tembung-tembung iki ?



Tuladha :

Pesisir = papan urut pinggire segara.

- 1. darmawisata = .....
- 2. Samapta = .....
- 3. Selang-seling = .....
- 4. Barang pangaji = .....
- 5. Jaring = .....
- 6. Mina = .....
- 7. Boga = .....
- 8. Miyasa mina = .....



B. Arane tukang apa ?

Tuladha :

Undhagi = tukang gawe bekakas saka kayu.

- 1. Empu = .....
- 2. Blandhong = .....
- 3. Kundhi = .....
- 4. Pandhe = .....
- 5. Jlagra = .....
- 6. Molang = .....
- 7. Koki = .....
- 8. Emban = .....



C. Arane kembang.

Tuladha :

maya kembang blimbing.

- 1. pudhak kembang .....
- 2. Kecelung kembang .....
- 3. polong kembang .....
- 4. gleges kembang .....
- 5. kecuwis kembang .....
- 6. jedhidhing kembang .....

7. greneng kembang. ....
8. pancal kembang. ....

### III. Paramasastra.

A. Wacan ing dhuwur salinanā nganggo basa krama sing apik lan bener !


Wiwit saka ndhuwur tekan ..... Suwarane gumebyur.

B. Golekana "lesan" e ukara iki !

Tuladha :

Bocah-bocah padha ndheleng pesisir.  
pesisir = lesan.

1. Bocah-bocah numpak bis.
2. Pak Makmur ngeterake Suminar.
3. Suminar tuku semangka.
4. Andaru nggambar kucing.
5. Manik golek kerang.
6. Arti luru kingking
7. Prau-prau golek iwak.
8. Pak Ilham dhahar lonthong.
9. Pak Amar ngunjuk wedang.
10. Bu Nastiti ngasta kupat.




C. Apa tegese tembung sing katulis miring / ?

Tuladha :

Suminar golek *kerang-kerangan*.  
*Kerang-kerangan* = tetironing kerang ( dudu kerang tenan).

1. Sawahe dipasang *wong-wongan*.
2. Andaru dipundhutake *montor-montoran*.
3. Bocah kelas papat padha gawe *jam-jaman*.
4. *Manuk-manukan* iki dilakokake nganggo baterai.
5. Arti nggawe *omah-omahan* ing mburi pawon.



6. Lawuhe iwak dudu *iwak-iwakan*.
7. Manik nyuwun dipundhutake *anak-anakan*.
8. Padha dolanan *sepur-sepuran* ing latar.

#### IV. Kasusastran.

##### A. Arane dina tembung kawi iki salinana tembung padinan !

Tuladha :

Soma	=	Senin
------	---	-------

1. Anggara = .....
2. Buda = .....
3. Respati = .....
4. Sukra = .....
5. Tumpak = .....
6. Dite = .....



##### B. Maskumambang.

Tembangna sing becik !

Gereng-gereng Gathutkaca *sruanangis*.

Sambate *mlas-arsa*.

Luhnya *marawayan mili*.

Gung *tinameng astanira*.

C. Apa tegese tembung-tembung iki ?

- 1. Sruanangis = .....
- 2. Mlas-arsa = .....
- 3. Mara wayan mili = .....
- 4. Tinameng astanira = .....

V. Aksara Jawa.

A. Wacanen sing cetha lan bener !

ꦱꦫꦩꦤ꧀ꦢꦫꦱꦤ꧀ꦗꦶꦫꦩꦤ꧀ꦩꦫꦤ꧀ꦏꦺꦴꦫꦧꦤ꧀  
 ꦪꦩꦲꦤ꧀ꦧꦫꦲꦤ꧀ꦱꦧꦩꦲꦤ꧀ꦫꦲꦩꦤ꧀ꦮꦲꦢꦤ꧀  
 ꦭꦁꦏꦤ꧀ꦱꦁꦏꦤ꧀ꦫꦁꦏꦤ꧀ꦩꦁꦒꦤ꧀ꦭꦁꦒꦤ꧀  
 ꦱꦫꦩꦤ꧀ꦢꦫꦱꦤ꧀ꦗꦶꦫꦩꦤ꧀ꦩꦫꦤ꧀ꦏꦺꦴꦫꦧꦤ꧀  
 ꦪꦩꦲꦤ꧀ꦧꦫꦲꦤ꧀ꦱꦧꦩꦲꦤ꧀ꦫꦲꦩꦤ꧀ꦮꦲꦢꦤ꧀  
 ꦭꦁꦏꦤ꧀ꦱꦁꦏꦤ꧀ꦫꦁꦏꦤ꧀ꦩꦁꦒꦤ꧀ꦭꦁꦒꦤ꧀

B. Tulisen nganggo aksara Jawa !

Sarman  
 Darsan  
 Jirman  
 Marlan  
 Korban

Yahman  
 Bahran  
 Sabhan  
 Rahman  
 Wahdan

Langkan  
 Sangkan  
 Rangkan  
 Manggan  
 Langgan

**VI. Ngarang**

**OLEH-OLEHE BOCAH KESED**

Cathetan mligi babagan basa lan sastra  
sing tinemu ing buku iki.

---

1. **Jejer** = Paraga sing dadi punjere ukara. Ing basa Indone-  
sia diarani = subyek.  
Tuladhane : Dheweke golek iwak.  
Dheweke = jejer.  
Aku nulis layang.  
Aku = jejer.
2. **Krama** = Basa padinan sing tumanduk marang wong sing  
luwih tuwa utawa wong sing diajeni.  
Basa krama iku kena ditrapake marang awake  
dhewe.  
Tuladhane : – Sampeyan badhe dhateng pundi?  
– Kalawingi kula kesah.
3. **Krama inggil** = Basa padinan sing tumanduk marang wong sing  
banget diajeni. Basa kramainggil iku ora kena  
ditrapake tumrap awake dhewe.  
Tuladhane :  
– Panjenengan badhe tindak pundi ?  
– Kalawingi kula tindak. (iki salah !)
4. **Ngoko** = Basa padinan sing tumanduk tumrap mitra saba-  
rakan utawa sing luwih enom nanging sing  
rumaket sesrawungane.
5. **Purwakanthi** = Tembung-tembung sing aksara utawa suwarane  
padha.  
Tuladhane : Bibit, bobot, bebet.  
Ana rina, ana upa.
6. **Sinawung** = Dirumpaka = diripta = dikarang.  
Tuladhane :  
– Sinawung ing sekar pucung  
= dikarang ing tembang pucung.

7. Wasesa = Ing basa Indonésia diarani : predikat.  
Tuladhane :

Bapak <u>mluku</u> sawah.	Mluku = wasesa.
Siti <u>nutu</u> pari.	Nutu = wasesa.

8. Yogyakarta = Tembung loro sing digandheng mawa teges lanang – wadon.

Tuladhane :

kedhana	–	kedhini.
dewa	–	dewi.


\*\*\*\*\*

**Cathetan**



Cathetan

Cathetan





### TAMSIR AS



Lair ing Tulungagung, katiti tanggal 21 Juni 1936. Angudi kawruh ing pamulangan Guru A sacara tinulis saka BPG – Bandung nampa ijazah taun 1960. Nambah pasinaon ing IKIP jurusan Civeck Hukum ing Kediri. Pakaryan guru ing dhaerah Tulungagung. Buku-buku wacan basa Jawa sing wis ditulis luwih saka sepuluh buku lan sawatara buku basa Indonesia. Ing organisasi pangarang, wektu iki dadi Ketua Komisariat Organisasi pangarang Sastra Jawa (OPSJ) Prop. Jawa Wetan.

### SUPARDI AS. Drs.



Lair ing Tulungagung katiti tanggal 5 April 1939. Angudi kawruh wiwitan ing SGB (1957), SGA (1964) lan nampa gelar kasarjanaan ing babagan Civeck Hukum saka IKIP Malang ing taun 1976. Pakaryan sing baku dadi penilik TK/SD, nanging uga mulang Basa Jawa ing SPG Swasta.

### V. SOEROTO



Lair ing Blitar katiti tanggal 14 – 11 – 1928. Angudi kawruh nganti tataran B–I Basa Jawa ing taun 1956. Sawuse kuwi banjur mulang ing SGA Neg. Semarang, SGA Neg. Malang, wekasan bali ing kutha kalairane ing SPG Neg. Blitar wiwit taun 1961. Buku-buku basa sing wis ditulis antara liya. Rujak wuni, Nujuprana, Istilah-istilah Kasusastran Jawi, Unggah-ungguhing Basa lan Kamus Kecil Bahasa Kawi.

### MUKONO, BA



Lair ing Tulungagung katiti tanggal 6 – 3 – 1940. Angudi kawruh ing Sekolah Guru A Kediri tamat taun 1964. Banjur kuliah ing IKIP oleh Sarjana Muda pendidikan taun 1977. Pakaryan saliyane dadi Kepala Kantor Dep. Dik.Bud. kecamatan ing dhaerah Tulungagung, uga dadi Kepala SMA–PGRI lan anggota pembina IKIP–PGRI ing Tulungagung.

### SURIPAN SADI HUTOMO, Drs.



Lair ing Blora katiti tanggal 5 – 2 – 1940. Angudi kawruh ing FKSS – IKIP Malang lan tau sinau ilmu filologi-folklor ing Universitas Leiden, negara Walanda. Pakaryan, Ketua Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa ing IKIP Neg. Surabaya lan dosen luar blasa ing Fakultas Sastra Universitas Negeri Jember, Wijayakusuma Surabaya lan sawatara pawiyatan luhur swasta liyane. Sawataara buku asil-karyane : Telaah Kesusasteraan Jawa Modern, Antologi puisi Jawa Modern lan Sosiologi Sastra Jawa. Ing organisasi pangarang jejer dadi pembina OPSJ tingkat pusat.